



FÈY ENFÒMASYON SANTE PIBLIK

Komisyon Sante Piblik Boston
Divizyon Kontwòl Maladi Atrapan
Boston Public Health Commission
Communicable Disease Control Division
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
Telefòn: 617-534-5611 Faks: 617-534-5905

Grip H1N1 2009

Kisa grip H1N1 2009 lan ye?

Grip H1N1 2009 lan, (yo te rele-l “grip kochon” anvan), se yon nouvo souch viris grip ki fè moun malad. Yo te sinyale tip espesifik grip H1N1 sa a pou premye fwa nan Etazini nan Avril 2009 e yo twouve l kounye a nan plizyè lòt rejyon nan lemond. Grip H1N1 2009 lan pwopaje menm fason ak grip sezònye a, li koze menm senptom yo e yo trete-l avèk menm medikaman. Prensipal diferans ant grip sezònye a ak grip H1N1 2009 lan sè ke majorite moun yo pa gen iminite oswa pwoteksyon kont grip H1N1 2009 la paske se yon nouvo souch grip. Konsa, paske yon ti kras moun gen pwoteksyon kont grip H1N1 2009 lan, plis moun kapab vin malad avèk kalite grip sa a.

Ki senptom grip H1N1 2009 lan?

Senptom yo sanble ak grip sezònye a e gen ladan yo lafyèv sibat, tous, gòj fè mal, misk fè mal, tèt fè mal, frison, ak feblès jeneral. Gen moun ki gen dyare ak vomisman tou. Senptom sa yo kapab modere ou trè fò.

Kijan grip H1N1 2009 lan pwopaje lakay moun?

Yo kwè ke grip H1N1 2009 lan pwopaje menm jan ak grip sezònye a pa lefèt ke viris ki koze grip lan viv nan nen ak nan gòj e yo repann nan lè a lè yon moun ki enfekte estènen oswa touse. Lè sa a, moun ki tou pre yo kapab respire viris lan. Dabitid, senptom grip yo demare 1 a 3 jou apre yon moun respire viris lan. Yon moun enfekte pi kontajye yon (1) jou anvan senptom yo kòmanse pou rive jiska 4 jou apre; toutfwa, viris la kapab repann pandan peryòd tan ki pi long lakay sèten moun, espesyalman moun ki gen sistèm iminitè afebli ak timoun.

Èske m kapab trape grip H1N1 2009 lan nan manje kochon?

Non, grip H1N1 2009 lan pa pwopaje pa lantremiz manje. Pa gen danje nan manje pwodui kochon ki manitansyone e kwit kòrèkteman.

Èske gen yon vaksen kont grip H1N1 2009 lan?

Food and Drug Administration (FDA) te apwouve yon vaksen pou pwoteje kont grip H1N1 2009 lan. Li enpòtan pou sonje ke vaksen grip sezònye a pap pwoteje kont grip H1N1 2009 lan.

Vaksen grip H1N1 2009 lan disponib kounye an nan yon kantite limite. Yo prevwa pral gen pi plis ki disponib pi ta nan sezon otòn nan. Y ap ofri estòk inisyal yo a moun ki prezante pi plis risk yo, gen ladan yo fanm ansent, timoun ki gen 6 mwa oswa plis laj, moun kap viv nan kay la oswa lòt moun ki gen kontak sere ak timoun ki gen pi piti pase 6 mwa laj, granmoun ki gen konplikasyon medikal, ak travayè medikal swen sante oswa ijans. Baze sou enfòmasyon ki soti nan ka grip H1N1 2009 yo pou jounen jodi a, yo pa konside ke moun ki gen laj avanse yo prezante gwo risk pou grip H1N1 2009 lan.

Gen yon suit

Kisa-m ta dwe fè si-m tonbe malad?

Dabitid, grip lan dire 3 a 7 jou. Bwè anpil likid epi pran anpil repo. Ou kapab itilize medikaman tankou asetaminofèn oswa ibipwofèn pou ede soulaje yon lafyè. Asire-w ke-w suiv endikasyon ki sou anbalaj la pa rapò a laj moun kap pran medikaman an. Pa bay timoun yo aspirin akòz risk Sendwòm Reye la, yon maladi ra men ki grav. Dekonjesyonan yo kapab ede soulaje yon nen bouche oswa presyon sinis lakay granmoun ak timoun ki gen plis pase 4 ran. Doktè-w o personèl ki ba-w swen sante kapab detèmine si-w bezwen trètman oswa yon tès pou grip. Pale avèk doktè-w si senptom yo sanble yo sevè oswa yap ogmante.

Èske gen medikaman mwen kapab pran?

Pou majorite moun ki gen grip, trètman ki pi enpòtan an se repo, likid, ak medikaman pou kontwòle lafyè. Le pli souvan, yo rekòmande medikaman antiviral yo pou moun ki prezante gwo risk pou yo devlope konplikasyon a pati de grip lan. Majorite moun yo pa bezwen medikaman antiviral. Se yon doktè ki dwe preskri medikaman sa yo. Medikaman sa yo pi efikas si ou kòmanse pran yo mwens pase 48 è de tan apre senptom yo kòmanse. Medikaman sa yo kapab redui senptom grip lan e rakousi tan-w fè malad lan de 1 a 2 jou.

Kijan mwen kapab anpeche pwopagasyon grip?

- Kouvri nen-w ak bouch ou ak yon moso twal chak fwa w touse oswa estènye. Apre sa jete moso twal ou sot sèvi a nan yon poubèl. Si-w pa gen yon moso twal, estènye oswa touse nan pati anwo manch rad ou.
- Lave men-w ak savon e dlo, espesyalman lè-w sot touse oswa estènye. Ou kapab itilize netwayan pou men a baz alkòl tou.
- Rete lakay ou lè-w malad. Li rekòmande ke ou rete lakay ou pandan 24 rè aprè lafyè lan tonbe (san medikaman pou redui lafyè lan). *Pou majorite moun yo, sa vle di rete lakay yo o mwen pandan 4 jou; retounen nan aktivite piblik anvan tan sa a kapab anpeche yo pwopaje enfeksyon a lòt moun.* Evite kontak sere ak moun ki malad, si-l posib pou fè sa.

**Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte
Boston Public Health Commission
(Komisyon Sante Piblik Boston)
Liy Sante Majistra a
(617) 534-5050 oswa www.bphc.org**